ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№167 (21.075) ● 2007 гъэм шыщхьэІум (августым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомы 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Лъэпкъ Іуэхум зрагъэужь

● Щэныгъэ

Щэныгъэхэмкіэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зи чэзу иІъэс зэІущІэр щыщхьэІум и 21 - 23 махуэхэм Адыгэ Республикэм щызэхэтащ.

АР ЦЕКІУЭКІАЩ Мейкъуапэ дэт къэрал технологие университетым, Нэхъапэкіэ, ди газетымкІэ хъыбар зэрыводгъэщІащи, ЩІДААА-р къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 15 ирикъуащ. А зэманым къриубыдэу академием щІэныгъэ лэжьыгъэу зригъэжьхьулІахэр, адэкІэ я мурадхэм убгъуауэ щытепсэлъыхьащ зэІущІэм.

ЩІДААА-м и зи чэзу Зэхуэсышхуэр къыдэІуихащ абы и президент Нэхущ Іэдэм. Къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъаазэри, блэкІа илъэс 15-м яІа екъуЛІэныгъэр ягу къигъэкІыжащ. АдэкІэ ЩІДААА-м и щІэныгъэ-къызэгъэпэщныгъэ лэжьыгъэм зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ академием и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Тхьэзэпэ Хьэсэн.

Къэпщытакіуэ гупым я цІэкІэ къэпсэлъащ академик ЦІыпІынэ Аслъан. Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ ЩІДААА-м и академикхэу ХьэфІыщІэ Мухьамэд, КІыргъ Іэсхьэд, Мамий Казбек, Куэблэ Екъуб сымэ, нэгъуэщІхэри.

А махуэм �щІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием щІыху 18 хагъэхьащ.

ЩХЬэПЦЭМЫЩІ Изэ.

● ЗэІущІэкэр

ЩІалэгъуалэм я зэпыщІэныгъэхэр яубзыху

ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ КъБР-м и къэрал комитетым «Къэралым и щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыныжмкІэ щІыхубз хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм яІэ мыхьэнэр» «стІол хьурейр» Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іуэхущапіэм щригъэкІуэкІащ.

ІУЭХУГЪУЭ куэд кьызэщІэзыубыдэ псалъэмакъым кьыщІепсэльащ «Іуащхьэмахуэ - 2007» мамырщІэкъу щІалэгъуалэм я щІыналъэ зэхуакІ лагерым хэтхэр. Кьапщтэмэ, жылагъуэ 492-рэ кьызэщІзыубыдэ Волгоград областым и лЫкІуэхэм кьыхагъэщащ 1989 гъэм кьызэрагъэпэща щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ комитет зэраІэр. Дыззэрыт лъэхъэнэм жьыдэхэру мэлажьэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэу 40, абыхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр, кьыдэкІыгъуэ зэхуэмыдэ 50-м кьыщагъэльагъуэ. Мыбы, Ставропольеми ещхьу, журналист щІалэгъуалэм, абыхэм кьыдагъэкІ газетхэм папщІэ грантхэр зэрат щІыкІэр тэмэму щыубзыхуащ. Абы кІорокІуэ жьылагъуэ Іуэхуэхэм щІалэгъуалэ нэхъыбэ кьыхэша зэрыхъур, Іэщіагъэлі Іэзэхэр нэхъыбэу редакцэхэм кьыззэрекІуалІэр, нэхъыщхьэращи - щІалэгъуалэр дэзыхьэх Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэмрэ ахэр зыпэщІэуэ гугъуехьхэмрэ кьыщащІэ щІыпІэхэр гъэбелджылащ.

Апхуэдэ Іуэхущіафэхэр иджыпсту ди республикэм зэтеубла зэрыщымыхьуэ кьыхигъэщри, Іпщэ Федеральнэ округым и субъектхэм щагъэунэхуа Іуэху зехьэнІэхэм щапхъэ трахьи папщІэ зэІущІ нэхъыбэ егъэкІуэкІын, тхылъхэр нэхъ тыншу иризэІэпэхыну эыуэ щыт интернет т-ресурс кьызэІухьи зэрыхуейр жІащ ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ КъБР-м и къэрал комитетым и унафэщІ Пащты Борис.

БЕЙ Иринэ.

Идар Темрыкъуэ и цІэр зезыхьэ уэрам

● ЩІэ



Идар Темрыкъуэ и уэрам.

2007 гъэ, шыщхьэІум и 27.

ДЯПЭКІЭ Налшык иІэнущ. Апхуэдэу фІащащ Гагарин Юрэ и цІэкІэ щыІа уэрамым. «Орджоникидзе лъэмыжкІэ» зэдкъэм деж къыщригъажьэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъурэ илъэс 450-рэ щрикъум и щІыхькІэ яухуэ арксм уезышалІэ уэрамым а фІэщыгъэцІэр хуэфащэ дыдэщ.

КЪЭБЭРДЕЙМ и пщы уэлий, 1557 гъэм Урысей пащтыхьыгъуэм мамыр зэгурыІуэныгъэ езыщІыІа Идар Темрыкъуэ и Іуэху еплъыкІэхэр зыхуэхэнэтІауэ щытар ищхъэрэ лъэпкъыщхьэм и дэІэпыкъуныгъэр щхьэщыжьныгъэкІэ адыгэ къэралыгъуэ лъэщ ихуэхъуэ, ІэщІагъэ зыбжанэм япхрыплъри, Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я зэпыщІэныгъэхэм я лъабжьэр игъэтІылъащ.

Идар Темрыкъуэ адыгэ лъэпкъым и тхьэм фІыкІэ къызэрыхэнар псоми тщІэ пэтми, апхуэдэ хэкулІым и цІэр зыхъумэ, зезыхьэ фІэщыгъэІэ иджыри къэс диІакъым. И адэм елъытауэ, гулъытэ нэхъыбэ игъуэтат абы ипхъу Гуащэнэ: христэн динкІэ Марие зыфІаща адыгэ пщы гуащэм и фэеплъыр илъэс 50 хъуауэ итщ «ИгъащІэкІэ Урысейм» зыфІаща утым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым махуэпхуэхэм еужьэрэкІыу зыщІыхуигъэхьэзыр лъэхъэнэм и тхуэ дыдэу апхуэдэ гулъытэншагъэр щызэрагъэзэхуэжащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм. Абдеж апхуэдэу къыщащтащ апэ космонавт Гагарин Юрэ и цІэр УхуакІуэхэм я уэрамымрэ абы къыпыт хуей цІыкІу утымрэ фІэщыным теухуа унафэри. Абы къыдэкІуэу щІыпІэм щагъэувыну я мурадщ космонавтым и фэеплъ дахи. Зи гугъу тщІы уэрамхэм щыпсэу цІыхухэм я хэщІапІэр къызэрагъэлъагъуэм (адресым) иджыри илъэситхукІэ зихъуэжьнукъым, ауэ уэрамыщІэхэр къызытещ ихьэбгъу цІыкІухэр икІэщІыпІэкІэ зэрахъуэкІынущ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Арщыдан зэщІагъэкъабзэ

● Лэскэн куей

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлІэу республикэм и къуажэхэмк лэжьыгъэшхэу щокІуэкІ.

ЛЭСКЭН районым и жылагъуэ нэхъ нахъм ящыщ Арщыдан къуажэр ІыхьэІыхьэу зэпаудауэ зэщІагъэкъабзэ: пхъэнкІий идзыпІэхэр ягъэсеящ, федеральнэ гъэзугр зэІуэпэщ ящІ. Мы лэжьыгъэм жьыдэжру хэтщ школакІуэхэр, щІалэгъуалэр. Кьуажэ администрацэм и ІэщІагъэлІ нэхъыжьэ Кьэтинэ Руслан зэрыкиІэмкІэ, Арщыдан дащІыхь спорт унэм адэкІэ зэрелэжьынум ехьэлІа документхэр ягъэхьэзыр. Унэм и лъабжьэмрэ и блынхэмрэ зэфІагъэува нэужь, ухуэныгъэр кьызэтеувыІауэ щытащ, абы хуракъун мыльку зэрабгъэдэмылъым кьыхэкІыу. Мы илъэсми ар зэфІагъэкІыфынукъым, ауэ 2008 гъэм ятыну объектхэм зэрыхиубыдэнум хущІэкъунущ. Апхуэдэу ремонт лэжьыгъэ иращІэкІащ кьуажэм и ІуплъапІэмрэ кьыдыхьэпІэмрэ деж щыт фэеплъхэм, Щэнхабзэмкі Іунэм, кьуажэ бзэрым.

ЛЬОСТЭН Муэ.

Гъэ еджэгъуэщІэм тэрэзу Іуощі

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС.

Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущапіэм и лэжьакіуэхэм я жэрдэмкіэ щыпытьэм и президент Бэгъэпщ Сергей ящжыбгъэ зІущІэм хуэфащэ зыпэжьажэр нэхъ псынщІэу сэтей кьащІу, жэуап ткІийм ахэр ирашэлІэну.

Абкъазыи и президентыи жиІащ Іуэхущ зэрызэхагъэкІыр. «ЗэкІэ гугъущ Гицбэ Хьэмзэт щІыкІам и щхьэусыгъуэм утепсэльыхьыну. Апэ щыкІэ щІэпхъаджащІэхэр къздубыдын хуейщ. Абы къыхэкІыун, сынывольэІу щыхуэхэр къызэщІэвмыгъэстыну, фепІэщІэкІыу Іуэху мыщхьэпэ фымылэжьыну», - къыхигъэщащ Бэгъэпщ Сергей.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

Кіэ зимыІэ щыІэкъым

Титов Константин Самарэ областым и губернатору пІалъэ кІыхькІэ - илъэс 16-кІэ - пэжьащ. Ауэ кІэ зимыІэ щыІэкъым: щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу. и къулыкъу лъагэм текІын хуей хъуащ. Президент Путин Владимир абы и пІэкІэ губернатору хахьну щыналъэм и хабзэгъэуф зэхуэсым хуигъэпэгъуащ Артюховыр.

Титов къэралым щыпсэуфэ и губернатору щытащ. Абы сыт хуэдэ зэманми зыдригъэкІыфыр. Езым политикэ партхэр ихьэужьыр и Іуэху нэхъ кьыхэзэрикІынуи тещІыхьауэ. Ижь къарухэм я зэгухьэныгъэ партым, ипІанэ Горбачев Михаил и Социал-демократ партым хэтащ, иужьыкІэ «Зыуэ щыт Урысейр» кьыхихащ. Уеблэмэ, УФ-м и Президентым и кандидатуи зыкъыгъэльэгъуат. Ауэ и тельхьэ кьищІыфар мащІэ дыдэщ - хэхэкІуэхэм я процент 1,5-рэщ. Иужьым абы нЫкъуэкъуэгъу куэд иІэ хъуат.

МафІэсхэр маятэ

Донецк областым мафІэсхэр щыІатащ, зэрыхуабащэм и зэранкІэ.

Шынагъэр куэдкІэ нэхъ ин ящІ мафІэм Хэку зауэшхуэм и зэманым щІыналъэм кьина топышхэмрэ лагьымхэмрэ кьызэрригъауэм.

Щытыкіэр кьыпхуэмыльытэн хуэдизу щытхІийщ зи мэзхэр мафІэм зэщІищта Алыджым. Абы цІыху 61-рэ щьхэкІуэдакІэщ. Хэбгъэзэыхьмэ, мафІэм ис пэтащ Пасэрей Олимпым кьыщІэнаІэр. Аэр ерагъкІэ яхъумэращ. Алыджым дОІэпыкъу нэгъуэщІ къэралхэр; Ялэу абы зыщІигъэкъуащ Урысейм. Ди къхъльатэу, вертолету 14-м увы-Іэгъуэ ямыІэу мафІэм псы тракІэ. Абыхэм яхэтщ Би-200 къхъльатэ-амфибиери.

Хабзэщіэ къожьэ

Урысейм и аэропортхэм къаруш щагъэтащ щыхуэ кьызэрыращэкІ хабзэщІэхэм.

Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзащ гъэзугу техьэхэм кьэлыдыкІэ хъуну ткІуатКІуэхэр, дыку, дезодорант зуэдхэр; нэгъуэщІхэр ямыгъэІыгъынырщ. Псори зытещІыхьар шынагъэншагъэрщ.

Ди зэхущытыкІэхэм захъуэжьнукъым

Либерал-демократ партым и Іуэху кьыщикІакъым Япониям и парламентым и ищхьэ палатэм щекІуэкІа хэхьыныгъэхэм.

Абы кьыхэкІыу ипэкыпІэкІэ къэралым и правительствощІэ кьызэрагъэпэщащ. Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм пэрытахэр кьанэ щымыІэу зэрахъуэкІащ Ауэ, политологхэм кьызэрагъэльэгъуащ, Урысеймрэ Япониемрэ я зэхущытыкІэхэм захъуэжьнукъым. Дяпэкіи иужьрейм кьиІэтынущ ХьэпІуэпІыр ешэм иратыкъым и Іуэхур, арщхьэкІэ ар зэран хуэхъунукъым къэралитым я зэдзпэжьэныгъэм.

(ИТАР-ТАСС).

Ди ІэнатІэ

Хуабэм и Іэфіыр къыщащІэр щІымахуэрщ.

Планэтэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Щэнхабзэ

Щ

Ф

Ы

Ж

Ь

Э

Р

Щ

Ы

Н

Ы

Ж

Ь

Э

Р

♦Илъэси 110-рэ и пэкІэ (1897) Урысейм ихуэсу щІидзащ Китай-КъуэкІыпІэ Гъущ Іуэгур. КНР-р къызэрагъэпэща ижь-ар уасэ кьыламыхьу Китайм иратащ. Иджы Харбин гущІ гъуэгуш.

♦Илъэс 70 и пэкІэ къызэрагъэпэщащ «Тойота» япон автомобиль компание цІэрыІуэр.

♦Илъэси 10 и пэкІэ (1997) Тольятти (Самарэ область) Урысейм щыяпэу къыщыщІэуахащ Дзэ-техникэ кадет корпус.

♦Щыщхьэ1ум и 28 - 29-хэм Елабугэ (Тэтэрстан) щекІуэкІынущ Урысейм и кьалэ щыІ1уэхэм я Іэтащхьэхэм я конгресс. Ар тетхуауэ щытынущ тхыдэ, щэнхабзэ, щІыуэпс щІэинхэр хьумэным ехьэлІа Іуэхухэм.

♦Щыщхьэ1ум и 28 - фокладэм и 2-хэм Москва щекІуэкІынущ «ЩІэныгъэ. Промышленность. Инвестицэхэр» выставкэр.

♦Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1942) кьалъхуащ Анголэ Республикэм и президент (1979 гъэм и фокладэм лъандэрэ) Анголэр хуит къащІыжьныкІэ щІыхубз зэщІэхьееныгъэ партым и унафэщІ, генерал Жозэ Эдуардэ душ Сантуш.

♦Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 26-м, къухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 50-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 24-рэ.

Щ

Ы

Н

Ы

Ж

Ь

Э

Р

Щ

Ы

Н

Ы

Ж

Ь

Э

Р

● Аруан куей

Зыхуей хуагъазэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ район администрацэхэм щІэныгъэмкІэ я кьудамэхэмрэ еджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырыр кьапщытэ.

КІЭЛЫПЛЪАКІУЭ комиссэм хэтхэр здэщыІа щІыналъэхэм ящыщыр Аруан кьуажэм дэт курыт еджапІэр. Мыр Іуэхущапіэ инщ, сабий щІбл щоджэ. Спорт зал кьудейуэ тІу хэтщ. Гъэмахуэ лъэхъэнэм кьрифыбдзэу абы и пэщхэр зыхуей хуагъэзащ, сэху тракІащ, унэльащІэхэр ялащ. Лэжьыгъэ щхьэхуэ зращІылІахэм ящыщщ илъэс зыбжанэ льандэрэ еджакІуэ цыкІухэм зэрахьэ «ЩІымахуэ хадэр». Кьэжьы-гъэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ илъэс псом щагъэкІ утыку иныр школым и кьатхэм ящыщ зым хэтщ. Абы иль щІыр зэрахъуэжьащ, щхьэантІагъэ лІэужьыгъуэхэм хагъэхьэщащ. Ныкъусаныгъэ зиІэу кьэнар унащхьэращи, гъэ еджэгъуэу кьэмысу ари зыхуей хуагъэзэну я мурадщ. Лэжьыгъэ псори егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ зэфІагъэкІащ. Абыхэм дэІэпыкІуэгъу кьахуэхъуащ Аруан районым администрацэм щІэныгъэмкІэ и кьудамэр.

Аруан кьуажэм дэт курыт школыр гъэ еджэгъуэщІэм процент 95-кІэ хуэхьэзыру кьалытащ.

ЖАНХЪУЭТ Зу зэ.

Щхьэпридзэ автобусым исахэм я Іыхьлыхэм къэхъуам и хъыбар къызэращІэн тІелефонхэр

КъБР-м и ЦІЫХУЭР зэрыса авт обусыр Москва-Ростов гъуэгуанэм и 493-нэ километрым дежи щыщІыхэпридзащ. Автобусыр цІыху 28-рэ иСу Налшык икІыу Москва кІуэрт. Воронеж областым щыщ Рамонь кьуажэм деж сыхьэтыр 5-рэ дакъикъ 45-м кьыщыхъуа а гуэвэгъуэм хэкІуэдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, илъэсих хьу щІалэ цІыкІур. ЦІыху 19 щІыпІэ сымаджэщэм щІагъэпъэлъхьащ. Абыхэм ящыщу 7-р, щІалэ цІыкІум и адэ-анэри яхэту, реанимацэм щІэлъщ.

Воронеж областым кІэну икІэщІыпІэкІэ ежьащ катастрофэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр медицинэ центрым и лЫкІуэхэр. Къэхъуам ехьэлІауэ хьыбар къэфщІэфынущ абы щхьэкІэ ягъэува телефонхэмкІэ:

Къэбэрдей-Балъкъэрым:

- КъБР-м Эмышлагъэр хъумэныкІэ министерствэм: **8(866-2) 40-60-22** (сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17-м нэсыху).
- Медицинэ катастрофэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым: **8(866-2) 42-36-42** (жэщи махуи), **42-16-86** (сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17-м нэсыху).
- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм: **8(866-2) 42-49-47** (жэщи махуи).
- Область кІинкэ сымаджэщ № 1-м: **8(473-2) 66-02-07** (реанимацэм), **66-32-67** (травматологием).
- Область сабий кІинкэ сымаджэщ №2-м: **8(473-2) 37-29-07.**

Воронеж областым:

- Медицинэ катастрофэхэмкІэ щІынальэ центрым, Воронеж кь.: **8(473-2) 43-77-60**

- Область кІинкэ сымаджэщ № 1-м: **8(473-2) 66-02-07** (реанимацэм), **66-32-67** (травматологием).
- Область сабий кІинкэ сымаджэщ №2-м: **8(473-2) 37-29-07.**

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакіуэ.

● Шэджэм куей

ЩІыІэ мыхъу шІыкІэ

Хьэщтэ-Сырт къуажэм и администрацэр мы зэманым ноужьрэкІ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным. Іуэхугъуэ зыбжанэ мы лъэхъэнэм зэфІагъэкІащ.

АДМИНИСТРАЦЭМезым и къарудэр ремонт ищІащ къуэмэ амбулаторэм и пэщхэр. Мы унэм екІуалІэ псы, газ бжьамий кхъахэхэр щІэкІэ зэрахьуэкІащ, щІыІэ хьуным пэмыплъэу. Іуэхугъуэшхэр къуажэр кьанэ щымыІэу газымкІэ кьызэгъэпэщырт. А Іуэхум екъалІа лэжьыгъэ псори зэфІахьауэ жыпІэ хьунущ. Кьэнар къуажэм щІэуэ тІыса и хьэбгъэм дэт зы унэщи, ари мыгувэу зыхуей хуэзэнущ. Иджыпсту Хьэщтэ-Сырт гугъехь щІехьыр, республикэм и адрей жылагъуэ куэдми хуэдэу, псы зэфэнырщ. Хьэблэ щхьэхуэхэм ар щІэх-щІэхуэрэ зэрыщІэзэпыкъуэ гугъу ирегъэкІ. ШІыІэ-усыпъуэр псы зэфэнур кьызыхэкІ псынэр чэнж зэрыхьумрэ псы зэхуэхьэсыпІэхэм зэхъуэжькІын хуей куэд зэрахэтымрэщ. Мы илъэсым кьриубыдэу бжьамийэр зыщІэлъ щІыпІэ 11-м ремонт лэжьыгъэхэр щрагъэжьІуэкІащ. Щогугъ мы Іуэхуэр хуэмурэ зэтеубэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъэмахуэ-2007

Дэтхэнэ махуэри

Ди республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Гуэл щхьэантІэм мы гъэмахуэ лъэхъэнэм зыщагъэпсэхуащ Шэпшэн Республикэм къикІа сабий 400-м.

Я ЛЪАХЭ кІуэжьну гъуэгу теувэжа сабийхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ арэзы техъуащ цІыкІухэм я зыгъэпсэхунри, я узынщагъэр егъэфІэкІуэнри кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщауэ зэрыщытам. Гуэл Іуфэм Іут зыгъэпсэхупІэм и унафэщІ Сарбашев Бахаудинрэ абы кьыдэлажьэкІэ я зэфІэкІ псори ирахьалІащ илъэси 6 - 10 ныбжьым ит сабийхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэкІуа дэтхэнэ зы махуэри фІыкІэ ягу кьызэринэжьнум. ХьэщІэ ныбжьыщІэхэм Налшык кьалэр кърагъэпІыхьащ, сабий аттракционхэм яшащ. Ауэ псом хуэмыдэу ахэр щыгуфІыкІащ зыбжанэрэ Балъкъэр драмэ театрым и артистхэр кьаэзрыхуеблэгъам. Апхуэдэу Шэпшэным кьикІа сабийхэм папщІэ концерт ятащ Шэджэм районым Щэнхабзэмкіэ и унэм и уэрэджьІакІуэ ныбжьыщІэхэм. Махуэ къэс гъэсакІуэхэм ирагъэкІуэкІащ сабийм и акъылым зезыгъэужь, мамырыгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм теухуа джэгу-зэІущІэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщІэхэм я жэуапхэр

МэкъупІэхэр Хьэсэней щыпсэухэм бэдзэнду иратынущ

«Хьэсэней кьуажапщэм щыІэ мэкъупІэм и гъунапкьэхэр ягъэбелджылыуэ ар кьыдагъэбыцылІэныжкІэ укьыдэзІэпыкьуну сынотлъэІу. Кьызгурыуакьым мы Іуэхур и кІэм нэдгъэсынымкІэ зэран хьурэ».

Шаваев А. Ч.

Жэуап ирет Налшык кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Хьэмгъуокъу Л. Б.:**

- Мэкъумэш щІапІэу Хьэсэней кьуажаэм кьедгъэ гектар 365-рэ мэжьу. Абы щыщу гектари 138-р 1996 гъэ льандэрэ унагъуэ Іэщым я хьупІэу кьагъэзэбэп. МэкъупІэ гектари 120-р абы илъэс Іэджэ льандэрэ мэкъу щеуэ кьуажаэдэс унагъуэ 50-м, абыхэм Шаваев А. Ч. яхэту, бэрджэнду иратынущ. Абы кьыдэкІуэу хьыбар фыдогъащІэ Хьэсэней - Джэрпэджэж гъэзэгум дэкІуэу кьуажапщэмкІэ щыІэ вапІэ гектар 37-р (псори зэхэту гектари 107-рэ) щІапІэу ягъушыну кьуажэ администрацэм кьызэрэпхьухьамкІэ. А щым и зэхэплькІэр, ухуэныгъэхэр щебгъэкІуэкІыну кьызэрэзэгъэр мы зэманым кьапщІэтэри, Іэжьыгъэхэр зэфІэда нэуэрь, материалхэр Правительствэм и комиссэм еттынущ, а щы Іыхьэр мэкъумэш щІапІэу щытхэм кьыхэгъэкІыу жылагъу э щыпсэу хьун лЭужьыгъэхэм хигъэхъэн папщІэ.

Проектыфыр къэралым диІыгъынущ

**«Дэ зэхэтлъхьащ илъэс псом «Вешенкэ» Іэгъэбэгъу проектым ІэнатІэ дьабжьэм тету кьекІуалІэ щыпсэу ныбжьыкІэ, зы консерваз зэпымыууэ тхуэгъэлэжьынущ, пэжьапІэ ІэнатІэу 18 нэхьрэ мынэхь, мащІэ кьызэІутхьрафынущ. КьызэрабжамкІэ, мы лэжьыгъэм и рентабельностыр процент 62-рэ хьууэ щытынущ. Ауэ проектыр гъэзэщІэным сом мелуани 10 ехь. Абы техуэхуэ дэ Май районым и администрацэм, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэмкІэ и министерствэм захуэгъэзэати, кьыхэтлъхьа Іуэхур зэрафІэтэмэмыр, лэжьыгъэм кьыхьхьэн кьэгъэутыпхьэу кьызэралытэр жаІащ, зэман кІыхькІэ дыпшьнькьэм щІыхуэ кьеІытх зэрыхьунум техуэхуэ кредит Іуэхущапгъэхэм ечэнджэщащ. Дэ банк зэмылІэужьыгъуэхэм фІы и льэныкьуэкІэ дыкьащІыху, ау з апрэдзидз ахъщэ кьыдатын папщІэ щэсыпІэу гъэтІылъпхьэм хуэдиз мыльку дбгъэдэлъкьым. Правительствэр мы Іуэхумкіэ кьыддэІэпыкьуну пІэрэ икІи дэ абы папщІэ тщІэн хуэёр сыт?».

Пальцев Ю. В., Канунник А.И., Павленкэ В.Г., *Май кьалэ.*

Жэуап кьрет КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и апэ кІу эдэхэ **Тхьэзэпльыж М.Т.:**

- Мы проектыр кьоэзэгъ. Фейдэ кьыпыкІыну ущыгугъ хьунущ. Ауэ законодательствэм кьеэзэгьыркъым абы папщІэ льготэ зиІэ кредитхэр республикэ бюджетым кьызэкІэ иратыну. Мы тхыгъэр кьезыгъэхьам зыхуэдгъаэзри, гурыдгъэІуэад КъБР-м и салькьылэт фондым и льэкькІэ зыхуеинум хуэдиз мыльку шэсыпІэу ягъэтІылъу банкым кредит кьыІахьын папщІэ Іэмал зэрыщІэр, абы папщІэ КъБР-м и Президентым и деж щыІэ Инвестицэ советыр зыхэплъэну документхэр ягъэхьэзыру кьагъэхьыну чэнджэщ еттащ. Инвестицэ советыр проектым арэзы техьэуэмэ, КъБР-м Экономикэ зыуэкьынигъэмрэ сатумкІэ и министерствэм кредитым проценткІэ щхьэщатыкІыну ахъшэм щыщ Іыхьэ яхуитыжьынущ, апхуэдэу зыхуеину чэнджэщхэмрэ методикэ ІуэхуэхэмкІэ ядэлэпыкьунущ.

УФ-м и субъект псори лэжьыгъэмкІэ зы графикым тетщ

«Паспорт сІолхэр махуэ кьэс сыкьэти 9-м щыщІэдзауэ сыкьэ 17 хьуэу лажьэ, абы: зэм екІуалІэ щыхуэхэр гугъу емыкьым папщІэ Интернеткіэ зрагъэтхэну фхуэмыщІыну пІэрэ? Кьапщтэмэ, кьухьэпІэ кьэралхэм зэрыщекІуэкІыр апхуэдэущ - документхэр пощткІэ ибогъэхьри, а пощт дыдэмкІэ паспортыр кьыпхуагъэхьыж».

СТАЦЮК Алек сандр, *Налшык кьалэ.*

Жэуап кьрет УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхуэхэмкІэ и фе дералнэ кьулыкъым и Управленэу **Сокъур О. Хь.:**

- Учетым гъэувыным, учетым хэгъэхьжьыным, паспорт етыным, паспортыр зэхъуэкІыным техуэрауэ щыхуэхэм зэрадэ лажьэ графикыр УФ-м Іэпхъуэшапхъ уэхэм я Іу зкуэхэмкІэ и федеральнэ кьулыкъым и административнэ регламентымкІэ 2006 гъэм ибгъэлъэ мазэм игъэуващ икІи УФ-м и субъект псоми Іэпхъуэшапхъ уэхэм я Іу зкуэхэмкІэ федеральнэ кьулыкъым и щиналъ ІуэхущапІэу щыІэр абы тетыну я кьалэнщ.

Щыхуэхэм ядолажьэ; дэтхэнэ мазэми и япэ, ещанэ блыщхэм - 10.00 - 15.00-хэм, гъубжьым - сыхьэти 10.00 - 15.00-хэм, гъэжьыем - сыхьэт 14.00 - 20.00-хэм, гъубжьым - сыхьэти 10.00 - 15.00-хэм, мэремым - сыхьэт 14.00 - 20.00-хэм, дэтхэнэ мазэми и етІуанэ, еплІанэ щэбэтхэм - сыхьэти 10.00 - 14.00-х эм кьриубыдэу. Тхьэмахуэр зыгъэпсэхуГуэ мазхуэщ. ЗыгъэпсэхуГуэ махуэхэр тхьэмахуэ кьэс зэрахъуэжьыуэр, зызыхьуэж графикым тету щэбэтым, тхьэмахуэм, блыщхьэм ядз. РегламентыщІэм ипкъ иткІэ щІыхуэхэр нэхъ пасэу кьэпсальэу зрагъэтх хьунущ. паспорт кьеІызыхьнуэхэм, зыхъ уэжьнуэхэм - 49-56-07, учетым увынуэхэм е учетым хэкІыжьнуэхэм - 96-04-32 телефонхэмкІэ. Щыхуэхэр щэмыварэзымкІэ я дзыхь ирагъэзэу 77-77-20 телефонхэмкІэ псалъэ хьунуш. ТелефонкІэ псалъэ зэрадэ ІуэхущапІэм щекІуалІэ хьуну сыхьэт бжьыгэр ягъэбелджылы езы щыхуэхэри кьызэрикІыр кьэльытауэ. Апхуэдэу паспорт зыгъэкІуэдахэм ар зэрыратыж хабзэр псом я деж кІи зэхуэдэу ягъэуващ. Абы ипкъ иткІэ, паспортыр зэрыфІэкІуэдамкІэ тхылъыр щиткІи паспортыр кьыщыІэхыжкІи, ар зэбгр езыр и щхьэкІэ ІуэхущапІэм екІуэлІэну и кьалэнщ.

Пэшыр псэупІэу кьызэрезэгъыр, псэупІэ пэшыр сыт и лъэныкьуэкІи зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр е ущыпсэу зэрымыхьунур, къэуэнкІэ зэрышынагъэм кьыхэкІыу кьутэн зэрыхуейр кьэлъытэнымкІэ Ведомствэхэм зэдай комиссэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м *№173-ПП*

«Пэшыр псэупІэу кьызэрезэгъыр, псэупІэ пэшыр ущыпсэу зэрымыхьунур икІи кьат куэду зэтет унэр кьэуэнкІэ зэрышынагъэм кьыхэкІыу кьутэн хуейуэ кьэлъытэнымкІэ теухуа Положенэр кьэщтэнымкІэ Іуэхуэкі» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2006 гъэм щІыпІэтэм и 28-я кьыдигъэкІа унафэ №47-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Пэшыр псэупІэу кьызэрезэгъыр, псэупІэ пэшыр сыт и лъэныкьуэкІи зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр е ущыпсэу зэрымыхьунум, къэуэнкІэ зэрышынагъэм кьыхэкІыу кьутэн зэрыхуейр кьэлъытэнымкІэ и муниципальнэ комиссэхэр кьызэрагъэпэщыну;

псэупІэ пэшыр кхъаэх хьуауэ, къэуэнкІэ шынагъэуэ, ущыпсэу мыхьуну кьэлъытэн щхьакІэ Ведомствэм и ущаналъэм псэупІэ фондыр кьащыкьызыщытэн муниципальнэ комиссэхэр ягъэуэна хабзэм тету кьызэрагъэпэщыну;

2007 гъэм щыщхьэІуэм и 1-м ипэ кьихуэу фэтэр куэд хьу псэупІэ унэу кхъаэх хьуаэхэр зэгъэпэщыжьын икІи кьэуэнкІэ шынагъуэу щыт, якъутэн хуейуэ псэупІэм щІыхуэхэр щІэгъэІэпхъукІын и лъэныкьуэкІэ муниципальнэ программэхэр кьащтэну икІи Ведомствэхэм зэдай комиссэм иратыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Іуэхуэнагъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм (АфэщІагъуэ М.Гъ.) Ведомствэхэм зэдай комиссэм щыгъуэу зэхилъхьэн икІи ягъэува хабзэм тету 2007 гъэм фокІадэм и 1-м ипэ кьихуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и пащхьэм ирилъхьэн зэрыхуейр е ущыпсэу зэрымыхьунум, къэуэнкІэ зэрышынагъэм кьыхэкІыу кьутэн зэрыхуейр кьэлъытэнымкІэ муниципальнэ комиссэхэр кьызэрагъэпэщыну;

псэупІэ пэшыр кхъаэх хьуауэ, къэуэнкІэ шынагъуэу, ущыпсэу мыхьуну кьэлъытэн щхьакІэ Ведомствэм и ущаналъэм псэупІэ фондыр кьащыкьызыщытэн муниципальнэ комиссэхэр ягъэува хабзэм тету кьызэрагъэпэщыну;

2007 гъэм щыщхьэІуэм и 1-м ипэ кьихуэу фэтэр куэд хьу псэупІэ унэу кхъаэх хьуаэхэр зэгъэпэщыжьын икІи кьэуэнкІэ шынагъуэу ущыпсэу зэрымыхьунум, къэуэнкІэ зэрышынагъэм кьыхэкІыу кьутэн зэрыхуейр кьэлъытэнымкІэ Ведомствэхэм зэдай комиссэм ятыну.

4. Кьару имыІэжу кьэлъытэн «ПсэупІэ унэхэр (псэупІэ пэшхэр) ущыпсэу мыхьуну кьэлъытэнымкІэ Ведомствэхэм зэдай комиссэм и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2005 гъэм фокІадэм и 26-м кьищта унафэ №321-ПП-м.

5. Мы унафэр гъэзэщІа зэрыхуэм кІэльыплъынщ и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Уянаев К.Х-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ
ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат.

Израильмрэ Иорданымрэ тхьэмахуитІкІэ концерт щатащ «Нэху» (Мейкьуанэ) щІыхуб къэфакІуэ ансамблым и артист ныбжьыщІэхэм.

"Нэху" цІыкІуэхэм я зэкІуэ дахэ

●Щэнхабзэ



"Нэху" къэфакІуэ гупым хэтхэр.

ХАМЭ кьэрал гастролхэр я къызэрымыкІуэу зэрыщытынур къэфакІуэхэм емыжьэ щыкІэ кьащІат. Адыгэ Республикэм и Кьэрал Советым-Хасэм и депутат, хьэрычэтыщІэ щэрыІуэ КІэрмыт Мухьдин и жэрдэмрэ и дэІэпыкьэгъуэ щыІэ ІуэхущІапІэ щыІэ щыщ Израильмрэ Иорданымрэ я къалащхьэ Амманрэ зыкъыщагъэлъэгъуну, хабзэ хьуауэ гъэ кьэс Рихьэние щрагъэКІуэкІ Адыгэ щэнхабзэ фестивалым хэтыну, Назарет кьалэ щэрыІуэм щыпсэжькІэ Кармиэль кьуажэ щыкІым щыгъэхьащ дунейпсо зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэунэхуну, апхуэдэуи а щыналъэхэр зыгъэдахэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зрагъэльагъуну, ди льэпкъэгъу хэхэсхэм я быну езыхэм я ныбжьэгъухэр зрагъэщІыхуну, епсэльыпІэну.

КъэфакІуэ гупым и зэкІуэр мылькукІэ кьызэрагъэпэщащ ищхьэкІэ кьыхэдгъэща КІэрмыт Мухьдин, Кфар-Камэ кьыщыхьуауэ, иджы Мейкьуанэ хуэфащэу Нэпсо Фаверрэ ядолажьэ, я пшынаэр Дыгъужь Нурбийщ. Апхуэдиз сабийм щыщу хамэ кьэрал зекІуэм ирашэжьынур кьызэрыухахари гъэщІэгъуэнщ. Здашэнчэр дахэу кьызэрыфэ кьудейуэ зэрагъэхьым Израильуэ ябгъэдэлъын хуейр, атІэ еджапІэми щымыхъумыхьуу, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ фІыуэ щІэу, гъэсауэ щытыпхъэт. КІэрмыт Мухьдин кьызэрилытыпкІэ, апхуэдэ Іуэху бгъэцІыхуэ Іэрашэ щэкІуэ щыІэ цІыкІуэхэр нэхъ зэщІэкъуаэу, текІуэныгъэмрэ екъулІэныгъэмрэ хуэпабгъэу, нэхъыбэ кьызэращІэным хущІэкъуу щызыгъэтынур.

Знэм кьэжьам щыщ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ адэжь лъаХэм пэжьжьэу ягъэкІуэ тхьэмахутІыр тынш дыдэу щытауэ пхужьІэнукъым. «Нэху» ансамблым хэт артист ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм куэд щІауэ я ныбжьэгъу икІи я зекІуэгъу, АР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, уэрэджьІакІуэ КъуйифІыкІыкІу Симэрэ АР-м гъуэзджмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, композитор ЛІэужь КъалэщащуэрэзгъуэнитуН щІыхьлъэм тетуэ километр пщІы бжьыгъэ ящхьажьэ кьызэпачащ, дунейр зэрыхуабащэм кьымыгъэдзыжу.

КАВКАЗЫМ икІа хьэщІэхэм япэу кьаІуащІар Тель-Авивщ. Бен-Гурион и цІэр зэшхьэ дунейпсо кьхъуэльэтІапІэм кьыщетІысхьа гупым адэкІэ Кфар-Камэ яунэтІащ. Адыгэ лъаХэм кьикІыу кьаХуэкІуа кьэфакІуэ цІыкІуэхэм Израильм щыІэ адыгэ кьуажэм дсэхэр хуабжьу кьащыгуфІыкІащ, хьэщІэхэми бысымхэми зэІуцІэр гукьинэж ящыхьащ.

Концертым цІыкІуи ини къекІуэлІащ.



ЗэІущІэ гуапэ.

- Кфар-Камэ щытлъэгъахэм хьэкъ хьыщащІащ а жылагъуэр Израильм щыпсэу ди лъэпкъэгъу псоми я гушхуапІэу зэрыщытыр, - жиІащ КІэрмыт Мухьдин. - НэгъуэщІ щІыпІэ апхуэдэ теЛыдэж зэуприхьэлІэныкъым: цІыкІури инри адыгэбзэ кьабзэкІэ зэпсальэрт, хамэ псэлъэкІэ гуэри кьыхамыгъахуэу! Мис аращ дэ, хэкужым щыпсэухэм, щапхъэ зытетхьыпхьэр!

Адыгэ минищым нэблагъэ щыпсэу Кфар-Камэ артист ныбжьыщІэхэр зэрыщыІа мазхущым кьрнубыдэу, абыхэм кьуажэри зрагъэщІыхащ, ди лъэпкъэгъухэм я щыІэкІэпсэуКІэри зрагъэщІащ, абы псмыжьыжь щІыпІэ дахэхэр зрагъэлъэгъуащ. Псальэм папщІэ, цІыкІуэр щыІащ пасэрей Иерусалимым, ныІуфэ кьалэ Хайфэ, курыт лЭщІыгъуэхэм цІэрыІуэ дыдэу щыта Аккэ кьалэ-быдапІэм, ЩІыкуРытыхьм, Кинерет (Тибериад) гуэлдж зыщагъасІащ.

«Нэху» ансамблым Кфар-Камэ щита концертым цІыху куэд дыдэ кьрихьэлІат. Абыхэм Іэгуаэршхуэ хуаІэтырт артист ныбжьыщІэхэм лъэпкъ кьафэжьхэр екІуу зэрагъэзэщІам, щэрыІуэ хьуа иджырей цІыхубз кьафэхэр дахэу утыку кьызэрырахьам, пасэрей уэрэдыжьхэр зэрыжаІам, адыгэбзэкІэ уэс кьызэреджам. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм гуэнэс ящыхъуат КъуйифІыкІу Симэ и уэрэдхэри.

Абы нужькІэ «Нэху»-р Рихьэние адыгэ кьуажэм кІуащ. Мыбыи щыІэху артистхэр унагъуэхэм щагъэхьащІащ, кьуажэдэсхэм я гульытэрэ нэфІэгуфІэрэ щагъэщІакъым. КъэфакІуэхэм я зэманыр пщІэнщэу ягъэкІуакъым: репетицэхэмрэ зыпльыхьакІуэ кІуэнымрэ эпрагъэуакъым. Рихьэние Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Гъыш Мамдух я гъусэу, Адыгейм икІа сабийхэр щыІащ Дакуан льагапІэхэм. Абыхэм кьызэхакІуахащ Израильмрэ Сириемрэ 1967 гъэм ирагъэкІуэкІауэ щыта махуих зауэм и пэкІэ адыгэ хэхэсхэм я кьуажэ 12 здэщыса щІыпІэхэр. Бирхьэдэкъм, Барекхэ, Мударей, Аль-Рухьан, Хьинэнуан, КъунейтІэр, Мансурэ, Салмэней, Фахьэм, Джыуеэз, Хьышней, Мумсие кьуажэхэм я пІэкІэ иджы абы щыпльагъур пасэрей адыгэххъэхэрщ. Абыхэм ущыІуплъэкІэ Іэмал имыІэу ушу кьоКІ дяпэ ита ди льэпкъэгъухэм ягъэвамрэ я нэгу щІэкІамрэ зыхуэдар.

Рихьэние щекІуэкІа Адыгэ щэнхабзэ фестивалым и кьызэрэпэщащкІуэхэмрэ зыкьыщызыгъэльэгъуахэмрэ фІыщІэ яхуищІыну кьеблэгъат Израильм мэкъумэш хьызмэтымкІэ и министр Симхьан Шалом. Хьунэхэ Шаукьиирэ Исмэхьанрэ я уней музей цІыкІур ильэгъуа нэгужь, абы жиІащ журт щІыналъэм щыпсэу адыгэхэм пщІэнхуэ зэраІэр, кьэралым и политикэ-жылагъуэ гъащІэм хэтыныгъэфІ зэрыхуащІыр.

Фестивалым и утыкум нэхъапэ кьихьащ Рихьэние кьуажэм и «Гуащхьэмахуэ» кьэфакІуэ гупыр. Ахэр абы ирихьэлІэу Эстониеи кьикІыжа кьудейт, Дайэмыщ, Сэхъу Хьэсэн, Ало Арсен, «Кабардинка» кьэрал кьэфакІуэ гупым и балетмейстер Кьуэныкъуей Алим сымэ.

«Нэху» ныбжьыщІэ кьэфакІуэ гупым я зыкьэгъэльэгъуэнигъэм щыпащащ Кармиэль кьуажэм гъэ кьэс щекІуэкІ дунейпсо макъамэ фестивалым.

ИпэкІэ кьэмыхъуауэ иджырей зэІущІэм кьрихьэлІащ кьэралыгъуэ 40-м я лІыкІуэхэр. МахуищкІэ екІуэкІа концертхэм хэтащ США-м, Франджым, Германием, Польшэм, Индэкьлызым, Испаниемрэ, Бразилиемрэ, Канадэм, нэхуэхьуа щыкІуэхэм кьикІа гупхэр, ауэ япэ утыку кьихьэгъуэр «Нэху» ансамблым льагъэсащ, кьызэрыщІэкІамкІи абыхэм я закъуэт Урысейм икІауэ а фестивалым хэтари.

АДЫГЕЙМ щыщ ныбжьыщІэхэм я зыкьэгъэльэгъуэнигъэмкІэ Кфар-Камэрэ щыщ ныбжьыщІэхэр ЕтІанэгъэ гъэмахуэм Мейкьуапэ кьэкІуэну кьригъэблэгъащ.

НЫБЭ Аизэр
Краснодар - Тель-Авив - Кфар-Камэ - Рихьэние - Амман - Сочи.

Рихьэние и зы уэрам.

Нэфі-неЙ зыхэмылъ Срыкъуэ Толэ

●Фэеплъ



ГъащІэ кІыхь къыхуимыухами, щыІэщ зи гъащІэр купщафІэу ёзыхьэкІыф. Апхуэдэхэм гъащІэм щыІэныгъэуэныкъуэ щытщ я зэфІэкІрэ я Іуэхущафэкіэ цІыхуэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуну, псэукІэр ирагъэфІэкІуэну. Апхуэдэ щІыху пэжжэм ящыщт нобэ дигу къэдгъэкІыж, ныбжьэгъу пэжу, ІэщІагъэлІ Іэкіуэпъакіуэу, щыху щыпкъэу щыта Срыкъуэ Анатолэ. Ар 2006 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм зэуэзэпсэу дунеим ехыжащ.

ЗЫДЭЛАЖЬЭУ щыта гупми, и Іыхьлы-ныбжьэгъуэхэми ди гум ихуркъым Толэ. Срыкъуэр илъэс 36-кІэ пэжьащІэщ дохутыру. А Іэнатіэ мытыншым псэ кьабзэкІэ бгъэдэтащ кьуажэдэсхэм фІыуэ яГъэгъуэщта, адыгэлІ нэсым и хьэл-щанкэр кьанэ щымыІэу зыхэлъа Толэ. А щІалэ зэкІужьым сытым дежи и нэгур зэІухат, гуапагъэрэ гурыщІэ кьабзэкІэ кьыббГъэдэтт, ХэІэтыщ зэрыщІэкІ. Сыт хуэдэ Іуэхуэ убгъэдыхьэми, уигъэщІэхъуэнутэкъым Толэ. Щыхугъэ, адыгагъэ, нэмыс, хабзэ щхьэкІэ зэи кьиІутынутэкъым.

Толэрэ сэрэ Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым дыщІэтІысхьат 1968 гъэм. Абы кьэщыщІэдзауи дыдэнеІбжьэгъуэщ. Сэ куэдрэ сигу кьокІыж зэман кІэщІым кьриубыдэу и гушыІэ дахэм, и гуп хэтыкІэ екІум кьыпэкІуэу ар кьыддеджэ куэдым нэІуасэ, ныбжьэгъу яхуэхъуауэ зэрыщытар.

Толэ сабиигъуэ дахэ иІауэ пхужьІэнукъым: абыРэ и шыпхъу ныхьжьымрэ кьанэри, я анэр пасэу дунейм ехыжат. Апхуэдэу щытми, ар гугъуехь куэдым япэлъэщащ. Университетыр хъарзынэу кьиухри, Іэщ дохутыр нэхъыщхьэу Хьэтуей кьуажэм лэжьэн щыщІидзауэ щытащ абы. ИужькІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и колхоз нэхъинхэм ящыщ щыт, Лениным и цІэр зэрихьэу Арщыдан кьуажэм щызэхэтыж, Іэщ дохутыр нэхъыжьу пщІэрэ щыхьэрэ и Іэу илъэс куэдкІэ щыІэжьащ. ИужькІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и колхоз нэхъ ин щыщ, Ленинэ и цІэр зэрихьэу Арщыдан кьуажэм щызэхэтыж, Іэщ дохутыр нэхъыжьу пщІэрэ щыхьэрэ и Іэу илъэс куэдкІэ щыІэжьащ. ИужькІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и колхоз нэхъ ин щыщ, Ленинэ и цІэр зэрихьэу Арщыдан кьуажэм щызэхэтыж, Іэщ дохутыр нэхъыжьу пщІэрэ щыхьэрэ и Іэу илъэс куэдкІэ щыІэжьащ.

Сыт щыгъуи зэпІэзэрыту, нэщыбгъэкІэ нэгъуэщІым хуэмыпсалъэу, фыгъуэижэм пэжьжьэу, нэфІ-неи хэмылъу, пэжыр зи гъуаэзэу дыдэса дыхьэр нобэми сытхэту фІэкІа кьытщІэхъуркъым. ЗэрылэжьакіуэфІым кьищынэмыщІауэ Толэ адэ, щхьэгъусэ гумащІэу, гъэсакІуэ Іэкіуэпъакіуэу щытащ. ХьыджэбзитІрэ зы щІалэрэ иІэти, абыхэм я ущиякІуэ, чэнджэщэгъу пэжт. Щыми гъэсныгъэ тэмэмрэ Іэщ Іагъэ зырызрэ яригъэгъуэтауэ, зыхэтым яхэзагъэу мэпсэу, я анэр ящІэхэщытщи, кьудрэ абы и жьауэм ахэр щІэтыну Тхьэм жиІэ.

Зи ахърэтыр нэху хьун Толэ ныбжьэгъу пэжу диІащи, и унагъуэм щІэсэм я мызакъуэу дэ, и ныбжьэгъухэми и лэжьэгъухэми, кьыІтохуэ абы и фэеплъ нэхур тхьуэмэну.

ХЬЭЩІЭЛІ Алий.

ЖЫЛЭТЭЖ Сэлэдин

Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ

450

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №№158, 160, 164, 166-хэм итщ).

- Зэ дыкIуэн щыхуейкIэ, дыкIуэрэ зэфIэдгъэкIмэ, нэхьифIщ, дзыхь хуэдмышIу хуэдэ, зыдмыIэжьу, - пидзыжащ пащым.

- Шыгръэзий жиIэнуракъым IуэхуР, ди цIыхухэр хьума зэрыхьунум дегупсысын хуейщ, - кIыщIигъуаш Замановым.

- Дынэжьуэнщ щыкIтIакIэ, зэфIэкIащ Ар. Къэзакъ щибл гъуэз тщIынщ, - игъэтэмэащ пащым. Си къуэшитIри тщIыгъынщ.

И закъуэ хьищынэм, пщыр гупсысэм хэхуащ.

- Куэд и цасэт си сабиигъуэр щызгъэкIуа Кавказым идыжьпсту сыкъыщыхуэ утэжьинэ, - кIыIуэщыкIт пащым и щхьэ хужиIэжьми, фIыуэ илъагъу гуэрым и гурылIь иригъэтIысIэми кIыпIуэ эмыщIэну. - Сигу къэжIащ кIыршынс уэрэхэм я макъыр, бгы лъагэхэр, кIыр задзэхэр... Си анэ мыгъуэрри си нэгу щэтщ гумащIэу, псэ кIьабзэу, емытIысэхэу дэни нэсу. Си щыпхъу цIыкIуР дгъафIэрэ-дгъафIэу. Езыр псэ дах зу, жьыжьIэу. Си адэр гурыщIэу кIыхьэрыщдашэжьар. Мэзкуу пэмыжьыжьэу сыщеджа щыпIэри, кIыздеджаяхэри, сезыгъэджаяхэри си нэгум щIэкIырыкъым ныкъэбгрей жэщым. Си гъащIэ псор сигу къэзгъэкIыж хуэдэщ. Пащтыхь дыдзэ кIыхьэзыхсугъэуэпар... Ди хьэгъуэлIыгIуэр... Сабийхэр... Насыпэ кIыдзэуэлIар...

Франкенбергрэ Пальчиковымрэ зыкъэжьжащ.

- Псори къэгъэтэджкин хуейщ, екIэзгъэуэ хьуащ, - псальэурэ, Касаткинри абыхэм кIалъэшохэри, щымы Бековичи дежкIэ яунэтI.

Хьаным и лIыкIуэхэр пIанэпэмкIэ кIыкIуэ ашащ. Абыхэм Касаткиныр япэжьэри, пащым кIыдгъэдешэ, аехр къэзыша къэзакъхэм Iуагъэзыкlыж.

- Дынвольэу, гушIэгъу кIыт хуэфщI. Хьанри кIывольэIыж, - жаIэ щыми зыжьэу, щхьэщэ ящIуРэ.

- Си фIэщ хъуркъым жыфIэр. Нобэ псальэ фот, тхьэ фоIуэ, пщэдей абы фопщIыж. Ар сыт псальэ тыкIэ? - захуигъэзащ кIэкIуаэхэм пщым.

